



Entèdiksyon pou vwayaje: Yon deklarasyon ki mete restriksyon antre nan peyi a pou sitwayen etranje pou pwoteje Etazini.

regleman sa ap komanse 5 Jen 2025, epi li ka chanje pi devan

Kisa ki deklarasyon ki mete restriksyon sou antre etranje yo (entèdiksyon pou vwayaje) a ye?

Nan dat ki te 4 Jen, 2025, President Trump te fè soti yon lòd ki entèdi yo bay nouvo viza pou sitwayen 19 peyi antre Ozetazini. Entèdiksyon pou vwayaje an ap antre an aksyon a 12:01am Eastern time (tan Lès) jou ki ap **9 Jen, 2025 lan**. Pou kèk peyi, yo entèdi antre pou tout sitwayen, epi pou kèk lòt peyi, yo entèdi antre sèlman pou moun kap aplike pou ka visa patikilye. Genyen eksepsyon pou moun ki gentan gen kèk estati legal nan peyi Etazini avek pou moun kap mande viza pou kèk rezon patikilye, pa egzanp moun kap mande pou yo vinn jwenn fanmi pwòch yo ki se sitwayen ameriken. Enpòtan, Moun ki te gentan gen yon viza valid depi avan 9 Jen, 2025 gen otorizasyon pou antre nan peyi a. Wap jwenn plis enfòmasyon sou eksepsyon yo anba.

Ki nasyonalite yo entèdi pou jwenn viza oubyen vini nan peyi Etazini anba proklamasyon Entèdiksyon pou vwayaje a?

Sitwayen peyi sa yo ki ap mande viza imigran (eksepte kèk viza ki baze sou plan fanmi – wap jwenn yo anba) osi byen ke viza ki pa pou imigran B-1, B2, B-1/B-2 (vizitè), F (etidyan), M (fòmasyon pwofesyonèl), ak J (echanj kiltirèl) viza sa yo entèdi pou antre:	Sitwayen peyi sa yo ki ap mande nenpòt kalite viza (eksepte kèk viza ki baze sou plan fanmi – wap jwenn yo anba) yo entèdi:
<ul style="list-style-type: none">BurundiCubaLaosSierra LeoneTogoTurkmenistanVenezuela	<ul style="list-style-type: none">AfghanistanBurmaChadRepublic of Congo (Brazzaville)Equatorial GuineaEritreaHaitiIranLibyaSomaliaSudanYemen

Eske gen eksepsyon nan entèdiksyon pou vwayaje a?

Kèk kategori moun kap chèche antre nan peyi Etazini yo egzante de viza/entèdiksyon vwayaje a, ki gen ladan:	Epitou, Entèdiksyon vwayaj la pa aplike pou moun sa yo:
<ul style="list-style-type: none">Sitwayen Ameriken.Rezidan Pèmanan Legal yo (LPRs, oubyen moun ki gen kat vèt yo (greencard).Moun ki gen doub sitwayènte.Mari oswa madanm, paran ak timoun ki poko marye ki poko gen 21an ki se sitwayen ameriken kap cheche viza imigran.Imigran espesyal Afgan yo (SIV).Sèten minorite relijye ak etnikki soti nan Iran.Sèten diplomat ak atlèt.	<ul style="list-style-type: none">Nenpòt moun yo te gentan akòde yon Estati nan peyi Etazini, ki gen ladann refijye yo, moun ki gen azil, LPRs ak moun ki la sou viza ki valid.Nenpòt moun ki andeyò peyi Etazini ki gentan gen yon viza valid ki apwouve oubyen moun yo te bay viza avan 12:01am Eastern Daylight Time (lè lajounen pou zòn lès) nan dat ki 9 Jen, 2025.

E si mwen nan peyi Etazini epi map aplike pou Azil oubyen LPR/Estati kat vèt (green card)?

Entèdiksyon pou vwayaj la pap afekte moun ki gentan nan peyi Etazini epi ki ap mande yon benefis imigrasyon tankou azil oubyen ajisteman (chanjman) Estati pou rezidans pèmanan.

Mwen se yon refijye. Eske mari oubyen madanm /pitit mwen ka vinn jwenn mwen atravè yon I-730 Petisyon pou Fanmi Refijye/Azil?

Entèdiksyon pou vwayaj la pa di si mari oubyen madanm ak pitit refijye ki fè pati de peyi ki nan lis yo ap gen otorizasyon pou antre Etazini, men yo kanpe tout pwosesis pou refijye yo anba yon lòt lòd gouvènman te pase, sa vle di antre isit kòm refijye soti nan nenpòt peyi enposib kounye a. Yo depoze yon pwosè pou konteste sispanson an, men anyen pa klè nan moman si refijye ki fè pati de peyi ki nan lis anlè a la ap gen otorizasyon pou antre nan peyi Etazini eske oubyen ki lè sispanson pwosesis refijye a ap leve.

Mwen se yon moun ki gen Azil. Eske mari, madanm/pitit mwen ka vinn jwenn mwen atravè yon I-730 Petisyon pou Fanmi Refijye/Azil?

Lòd pou entèdiksyon pou vwayaj la pa di si mari/madanm ak pitit moun ki gen azil ki fè pati de peyi nan lis yo ap jwenn otorizasyon pou antre Etazini, sav le di repons sa pa klè nan moman.

Mwen se yon moun ki gen rezidans pèmanan legal, kat vèt (greencard). Eske mari/madanm ak pitit mwen ka aplike pou yon viza pou vinn jwenn mwen nan peyi Etazini si yo fè pati de peyi ki nan lis yo?

Non, sèlman mari/madanm, ak timoun ki poko marye ki poko gen 21 an de yon sitwayen ameriken ki kapab aplike pou yon viza imigran ki baze sou plan fanmi si yo gen nasyonalite youn nan peyi ki anba entèdiksyon pou vwayaj la.

Mwen gen kestyon sou tèt mwen oubyen sou fanmim ki pa nan peyi Etazini. Ki kote mwen ka jwenn èd?

Si ou poko fè sa, ou ta sipoze konsilte yon founisè sèvis legal imigrasyon. Ou ka jwenn asistans la :

<https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/> oubyen la : <https://ailalawyer.com/>